

**ANN PALÉ KLÈ**  
**16 oktob 2022**

Se avek anpil kè sere, dlo nan zye ke nou wè peyi pran wout kote se blan ki ap oblije vin mete ola nan tet chaje ki gen nan peyi nou.

Tout moun dwe sonje ke kolektif la gen plis ke 8 lane depi lap mande ANTANT NASYONAL sou ki peyi nou vle, sou nesosite poun mete bon jan enstitisyon djanm e poun komanse konstwi yon peyi kote tout moun gen plas yo ladanl.

Rayisab, tet di, goumen pou pouvwa, anpeche nou chita poun panse peyi. Chak moun, chak gwoup panse yo pi bon pase lot e yo pi konnen ke lot. Nap plede tounen anwon, peyi ap vini pi mal chak jou bondye mete.

Jodia, se bandi ak atoufè ak kravats ki ap fè lalwa. Yo plede Kidnape moun, vyole fanm, bloke tout moun nan aktivite yo, touye moun, elatriye.

Sitiyasyon sa fè ke menm lè nou pa kontan, - nou pat janm swete sa – nou sète oblije asepte ke fòs militè letranje vinn ede nou ak tout konsekans nou konnen li ka genyen.

Se sak fè, nou retounen ap mande moun ki ap dirije yo, moun ki nan opozisyon yo, ayisyen ki ap viv nan peyi a e sak ki lotbò dlo pou yo tout pote kole vit vit pou nou ka jwen yo gwo **Antant Nasyonal**, paske se sel fason ki kapab ede n reprann diyite nou, reprann eskamp figi nou e soti nan katyouboumbe nou twouve nou ye la a.

Tout ayisyen bezwen viv nan peyi a, yo bezwen ale nan aktivite yo, ke timoun ka ale lekòl. Se sa nap mande

Viv Ayiti, viv **antant nasyonal** kote tout moun ladanl, se lapè nou swete.



Jean-Robert Argant  
Kòdonatè jénéral